**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**ГКУ РД «ЦОДОУ ЗОЖ»**

**ГКОУ «Ахтининская СОШ Хунзахского района»**

| СОГЛАСОВАНО<br>зам. директора по УВР<br><br>Ибрагимова А.М. | УТВЕРЖДЕНО<br>Директор<br>Тагиров А.Г.<br>от « 31 » августа 2023г. |
|---|---|

**Рабочая программа**

учебного предмета «Родной язык»

для обучающихся 8 класса

на 2023-2024 учебный год

| Составитель:<br>Абдулатипова Мадина Магомедовна,<br>учитель родного языка и литературы |
|---|

**Учебник :** « Авар мац1 » 8 класс : М. М. Муртазаг1алиев, А. М. Муртазаг1алиев. Махачкала, ООО «Издательство НИИ педагогики. 2011 год. **Кол-во часов:** 34

## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

Программа хIадур гьабулаго, кьочIое росун руго Аслияб школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарт1, гьединго Тарбия кьеялъул мисалияб программаялъулъ загьир гьарурал цIикIкIараб кIваралъул мурадал ва масъалаби. Программаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар мацI малъиялъул мурадалда рекъон стандарталъул хIасил рагьула ва рагIа-ракьан бахъун мухIканлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIалдохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула. Программа ккола мисалияб, ва гьеб хIисабалде босула авар мацIалъул программаби ва учебникал хIадур гьарулел автораз, ай гьелъул кьучIалда гIуцIизе бегьула хIалтIул программаби ва цIалул тIахьал. Аслияб школалда авар мацI лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе: – маданияталъул бутIа хIисабалда мацIалдехун хIакъикъияб, бичIчIи бугеб бербалагьи гьаби; – обществоялъ къабул гьабурал рухIиялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул гIумруялъул киналго рахъазул хIакъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьаркьоблъи (ай бухьен) гьабиялъеги рахьдал мацIалъ квербакъулеблъи бичIчIи;

1 Федералияб стандарт тасдикъ гьабун буго Россиялъул Федерациялъул лъай кьеялъул министерствоялъул приказалдалъун кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул лъебералда цоабилеб маялда, № 286 (Россиялъул Федерациялъул юстициялъул министерствоялъ гьелъул регистрация (хъвай-хъвагIай) гьабун буго кIиазаралда къоло цоабилеб соналъул щуабилеб июлалда, № 64100

2 Тарбия кьеялъул мисалияб программа тасдикъ гьабун буго гIаммаб лъай-кьеялъул федералияб цIалулгун методикияб цолъиялъул хIукмуялда рекъон (кIиазаралда къоабилеб соналъул кIиабилеб июналда хъвараб протокол, № 2/20).

– рахьдал мацIалъул эстетикияб бечелъи (ай рахьдал мацIалъул берцинлъи, гьайбатлъи, чIурканлъи) бичIчIи; – щибаб къойилаб гIумруялъулъги цIалулъги хIалтIизабизе бажарулеб куцалда рахьдал мацI лъазаби; калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада ричIчIизе ва цоцада гьоркьоб бухьен чIезабизе бугеб бажари цебетIезаби; цIалиялда хурхарал батIи-батIиял хIалтIаби гьаризе гъваридго мацI лъай (ай мурад лъезеги, план гIуцIизеги, жиндирго каламалда хадуб халкквезеги, каламалъулъ риччарал гъалатIал ритIизаризеги бажари). – фонетикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул хIакъалъулъ лъай щвей; жамгIияб гIумруялда жаниб гьелъул кIваралъул хIакъалъулъ баянал кьей, битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул бажари камиллъизаби, лъималазул рагIул нахърател бечелъизаби. Рахьдал мацI лъазабиялда церечIарал масъалабилъун ккола: – батIи-батIиял лингвистиял словараздаса ва цогидалги источниказдаса къваригIарал баянал роси ва гьел кьучIдасанго хиси; – мацIалъул гIуцIиялъул ва гьеб дандекколеб куцалъ хIалтIизабиялъул, гьелъул стилистикияб рахъалъ бугеб бечелъиялъул ва литературияб мацIалъул аслиял нормабазул хIакъалъулъ щулияб лъай щвей; – мацIалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезе, гьезул анализ гьабизе, гьел дандеквезе, ратIарахъизе ва тIелазде рикьизе бугеб бажари цебетIезаби; – кIалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, батIи-батIияб ахIвал-хIалалъулъ мацI хIалтIизабиялъул къагIидаби, каламалъул этикаялъул нормаби щулаго лъазари; – активияб ва тIатине бегьулел (потенциалиял) рагIабазул нахърател бечелъизаби; – каламалъулъ хIалтIизабулеб грамматика къадаралъул, объёмалъул рахъалъ кIодо гьаби;

– цIалиялда хурхарал хIалтIаби гьарулаго, щвараб лъаялдаса ва лъугьараб бажариялдаса пайда босизе бугеб махщел камиллъизаби. Курсалъул гIаммаб характеристика Аслияб школалда авар мацIалъул курс буссун буго напсиял, метапредметиял ва предметиял хIасилал тIуразариялде. Гьединаб мурадалде щола цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъ. ЦIалдохъабазда гъваридго лъазе ккола кIалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, гьезда бажаризе ккола гIумруялъулъ кIвар бугел бакIазда мацIалдаса пайда босизе. Гьезие щвезе ккола жамгIияб бечелъи ва мацIалъул система хIисабалда мацIалъулги, гьелъул гIуцIиялъулги, гьеб цебетIезабиялъулги хIакъалъулъ чара

гьечIого къваригIарал баянал; гьезда щулаго лъазе ккола авар литературияб мацIалъул аслиял нормаби, цIалдохъабазул калам бечелъизе ккола грамматикияб гIуцIиялъул ва рагIабазул нахърателалъул рахъалъги; гьезда бажаризе ккола батIи-батIиял лингвистикиял словараздаса пайда босизеги, мацIалъулъ кколел хисабасиязе къимат кьезеги, гьезул анализ гьабизеги. ЦIалдохъабазда бичIчIизе ккола мацI миллияб культура загьир гьабулеб формабазул цояб кколеблъи, мацIалдаги тарихалдаги гьоркьоб бугеб бухьен ва рахьдал мацIалъул миллиябгин культураялъул хаслъи; гьезда лъазе ккола каламалъул этикаялъул нормаби ва лъилгунниги гьоркьоблъи гьабиялъул культураги. Лъай бугев цIалдохъанлъун вахъизе кумек гьабула метапредметиял статус бугел гьал хадусел хIалтIабаз: цIалиялда хурхарал батIи-батIиял коммуникативиял хIалтIаби (каламалъул батIи-батIиял тайпаби лъазе, гIел бащадазулгунги цIикIкIаразулгунги пайдаяб калам (гара-чIвари) гьабизе; кIалзул ва хъвавул калам лъикI бичIчIизе, лъураб суалалда тIасан тIубанго, битIун, дурусго ва пасихIго жиндирго пикру загьир гьабизе, хурхен гьабулаго, хъвавул ва

кIалзул каламалъул аслиял нормаби ва каламалъул этикаялъул къагIидаби цIунизе ва гь.ц.); цIалиялда хурхарал батIи-батIиял нахъгIунтIиялъулал хIалтIаби (суалалъе къокъго ва мухIканго баян кьезе, далил бачун бихьизабизе, жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе; жиндирго ритIухълъи хIужжабаздалъун чIезабизе; батIи-батIиял источниказдаса чара гьечIого къваригIараб информация босизе; аслияб информация аслияб гурелдаса батIабахъизе; коммуникативияб мурадалда бан, цIалиялъул тайпа тIасабищулаго, цIалиялъул мурад бичIчIизе, информация балагьиялъул методал хIалтIизаризе; информация цIидасан къачIазе, системаялде бачине ва батIи-батIиял къагIидабаздалъун бихьизабизе ва гь.ц.); цIалиялда хурхарал батIи-батIиял регулятивиял хIалтIаби: (жинца гьабулеб хIалтIул мурад лъезе ва гьелъие баян кьезе; гьабулеб хIалтIул тартибалъул план гьабизе ва нагагь хIажалъани гьеб хисизабизе; гьабураб хIалтIул жинцаго хал гьабизе, гьелъие къимат кьезе ва гь.ц.); Гьеб хIалалда, авар мацIалъул курсалъул аслияб куцалда кIвар буссун буго литературияб мацIалъул нормабиги лъалев, жиндирго пикру ва рекIел хIал эркенго кIалзул ва хъвавул формаялда загьир гьабизеги бажарулев, цогидазда кIалъалаго этикиял нормабиги цIунизе лъалев тарбия щварав инсан гIезавиялде.

АВАР МАЦIАЛЪУЛ КУРС ЛЪУГIУН ХАДУБ КЬОЛЕЛ ХIАСИЛАЛ.

***Напсиял хIасилал*** .Аслияб школа лъугIарал цIалдохъаби гьал хадусел напсиял хIасилазде щола: гражданиябгун патриотикияб тарбия кьеялъул рахъалъан: – гражданин хIисабалда законалъ тIадаллъун гьарурал борчалги тIуразаризе, жиндирго ихтиярал гIумруялде рахъинаризе, гьединго ихтияразул адаб-хъатир гьабизе, цогидал гIадамазул закониял интересал цIунизе хIадурав вукIине; – хъизаналъул, лъай кьеялъул идарабазул, бакIалъул обществоялъул, гIагараб ракьалъул, улкаялъул гIумрулъулъ гIахьалъизе; – инсанасул гIумруялъулъ батIи-батIиял социалиял институтазул бугеб кIвар бичIчIизе; – гражданинасул аслиял ихтияразул, гьесие кьолеб эркенлъиялъул ва гьесда тIадал ишазул, социалиял нормабазул ва батIи-батIияб маданияталъул ва диналъул гIадамал ругел обществоялъулъ хьвада-чIвадиялъул къагIидабазул хIакъалъулъ бичIчIи букIине; – цадахъго батIи-батIияб хIалтIи гьабизеги, цогидалгун хIал рекъезабизеги, цогидазе кумек гьабизеги хIадурав вукIине; – школалъул ишал цо хасаб чIезабураб къагIидаялда рачиналъулъ гIахьаллъизе; – цIикIкIаразеги гьитIиназеги кумек гьабизе хIадурав вукIине (кумек къваригIани); – батIи-батIияб маданияталъул ва диналъул гIадамаз гIумру гьабулеб пачалихъалъул гражданин жив кколевлъи бичIчIизе; – Дагъистан республикаялъул пачалихъиябги магIарул миллаталда гьоркьоб бухьен гьабиялъулги мацI хIисабалда авар мацIалъул бугеб кIвар бичIчIизе;

– авар мацIги, Дагъистан республикаялъул ва Россиялъул тарихги, маданиятги, гIагараб ракьалъул маданиятги, Дагъистаналъул ва Россиялъул миллаталги лъазе хIаракат бахъизе; – авар мацIалдехун, гIагараб ВатIаналъ ккурал бергьенлъабаздехун, гIелмуялдехун, искусствоялдехун, рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялдехун ва халкъалъ хIалтIулъ росарал бергьенлъабаздехун къиматаб бербалагьи гьабизе; – Дагъистаналъул ва Россиялъул гIаламатазул (символазул), пачалихъиял байрамазул, памятниказул, гIагараб ВатIаналда гIумру гьабулел батIи-батIиял миллатазул гIадатазул хIурмат гьабизе; рухIияб тарбия кьеялъул рахъалъан: – инсанасул рухIияб бечелъи, гIакълу, пагьму, бажари цебетIезабиялъулъ рахьдал мацIалъ тIубалеб хъулухъ ва школалъулаб лъай щвезабиялъулъ гьелъул бугеб кIвар бичIчIизе; – жиндирго ва цогидал гIадамазул хьвада-чIвадиялъе, цо

къасдалда гьабураб ишалъе, лъикIаб бугониги яги квешаб бугониги гьабураб кIалъаялъе къимат кьезе хIадурав вукIине; эстетикияб тарбия кьеялъул рахъалъан: – авар мацIалъул эстетикияб бечелъи бичIчIизе; рахьдал мацIалдехун цIуна-къараб, хIурматияб бербалагьи букIине, гьелдаса чIухIизе, миллияб маданият хIисабалда авар мацIалъул бацIцIалъи цIунизе; – пикру загьир гьабизеги гIадамазда гьоркьоб бухьен гьабизеги художествияб культураялъул бугеб кIвар бичIчIизе; – пикру загьир гьабизеги гIадамазда гьоркьоб бухьен гьабизеги авар мацIалъул бугеб кIвар бичIчIизе; – культураялда хурхарал миллиял гIадатазул ва халкъияб творчествоялъул бугеб кIварги нилъер ВатIаналъул искусствоялъул бечелъиги бичIчIизе;

сахлъи цIуниялъул тарбия кьеялъул рахъалъан: – жииндирго сахлъиялъул (чорхое пайдаяб квен, гигиеналъул къагIидаби цIуни, жиндир заманалда хIалтIизе ва хIухьбахъизе лъай, гьоркьоса къотIичIого зарядка гьаби) агъаз гьабизе ва сахаб гIумру гьабиялде кIвар кьезе; – сахлъиялъе заралияб гIамал-хасият тезе (гIаракъиялдаса, наркотикал хIалтIизариялдаса, хъалиян бухIиялдаса инкар гьаби); захIматалъул тарбия кьеялъул рахъалъан: – хъизаналда, школалда, росулъ (шагьаралда), районалда тIоритIулел захIматалда хурхарал батIи-батIиял ишазулъ гIахьаллъи гьабизе; – хъвадарухъабаз, журналистаз ва филологаз гьарулел хIалтIабазулгун лъай-хъвай гьабизе; – захIматалъул ва гьелъулъ рихьизарулел хIасилазул хIурмат гьабизе; – гIумруялъе чара гьечIел планал гьаризе ва гьезул хIакъалъулъ бицине бажаризе; экологияб тарбия кьеялъул рахъалъан: – сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялда хурхарал суалазда тIаса мухIканго ва дурусго пикру загьир гьабизе; – сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялда хурхарал захIматал суалал ричIчIизе ва гьел тIуразариялъул нухал ралагьизе; – сверухъ бугеб тIабигIаталъе зарар гьабулел ишазде дандечIезе; – сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялда хурхарал тадбиразда гIахьаллъизе хIадурав вукIине. **Метапредметиял хIасилал** Авар мацI лъазабиялъул хIасилалда аслияб школалда цIалдохъаби ругьунлъула нахъгIунтIиялъулал хIалтIаби гьаризе (Познавательные УУД). Гьезда бажарула: – мацIалъул бутIабазул кIвар бугел гIаламаталги мацIалъулъ кколел

хиса-басиялги тIатинаризе ва гьезие характеристика кьезе; – кIвар бугеб гIаламатги хIисабалде босун, мацIалъул бутIабазул классификация гьабизе; – батIи-батIиял жанразул ва стилазул текстал батIи-батIияб

къагІидаялъ щулаго цІализе; – батІи-батІиял жанразул ва стилазул текстазул хІасил гІенеккун дандрекъон кколеб хІалалъ бичІчІизе; – кІалзул ва хъвавул формаялда бицараб жо дандрекъон кколеб хІалалъ бичІчІизе; – текстазулъ ругел баянал гІамлъизаризе ва гьезул анализ гьабизе; – батІи-батІиял бакІаздаса (масала, газетаздаса, журналаздаса, радиоялдаса, телевидениялдаса, интернеталдаса) информация босизе; баян (справка) кьолеб адабияталдаса, батІи-батІиял тайпабазул словараздаса эркенго пайда босизе; – цо чІванкъотІараб темаялда тІасан материал тартибалде лъеялъулги тІасабищиялъулги къагІидаби гъваридго лъазаризе; живго жиндаго чІун, ай жинцаго информация балагьизе; гІенеккун яги цІалун щвараб информация кьучІдасан хисизабун цІидасан гІуцІизе, цІунизе ва битІун кьезе; – жидер стилистикиял хаслъабазде, хІасилалде ва пайда босарал мацІалъул алатазде балагьун, рицарал пикраби дандекквезе; – гІенеккун рагІараб яги цІалараб тексталъул хІасил цІи гьабун бицине; – батІи-батІиял тайпабазул, стилазул ва жанразул хъвавул ва кІалзул текстал гІуцІизе; – кІалзул ва хъвавул формаялда эркенго ва битІун жиндирго пикру рекъезабун сокІкІине, текст гІуцІиялъул нормаби цІунизе; хІакъикъаталдехун, сверухъ тІабигІаталда кколел лъугьа-бахъиназдехун цІалараб, рагІараб ва бихьараб жоялдехун жиндирго бербалагьи загьир гьабизе;

– монологалъул ва диалогалъул батІи-батІиял тайпаби лъазе (ай, цо лъугьа-бахъиналъул хІакъалъулъ, хадуб-цебе ккезабун, бицине; жиндирго пикру загьир гьабизе, мацІалъул ресаздалъун лъилниги-сундулниги хІакъалъулъ бицине, батІи-батІиял пикраби дандразе, гъира базабизе, цІехолдизе); – каламалъулъ жакъасеб авар литературияб мацІалъул битІунабиялъул, лексикиял, грамматикиял, стилистикиял аслиял нормаби дурусго цІунизе; хъвадарулаго битІунхъваялъул ва пунктуациялъул аслиял къагІидаби дурусго цІунизе. Аслияб школа лъугІулел цІалдохъаби ругьунлъула хурхен гьабиялъул хІалтІаби гьаризе (коммуникативные УУД). Гьезда бажарула: – хъвавул текстазулъ, кІалзул монологияб каламалъулъ, диалогазулъ ва цо кинал ругониги суалазда тІаса тІоритІулел бахІсазулъ жиндирго пикру загьир гьабизе; – каламалъул этикаялъул нормабиги цІунун, гара-чІвариялъулъ гІахьаллъизе; – аудиториялда гІел бащадазда цеве кІудиял гьечІел докладалгун, лекциялгун ва рефераталгун кІалъазе; – накъиталъулъ (гара-чІвариялъулъ) гІахьаллъи гьабулев чиясухъ гІенеккизе, диалогалъулъ гІахьаллъизе; – батІи-батІиял пикраби рукІиналъе ва щивасул жиндирго хасаб пикру загьир

гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизе; – цо кинаб бугониги тIадкъай цогидазда цадахъ тIубазе, дагIбакъецалъулъ гIахьаллъизе, кIвар бугел темабазда тIаса кIалъазе; – цогидазул хиялазда (къасдазда) нахъгIунтIизе, жинда кIалъалев чиясул хIурмат гьабизе ва гьесул пикруялда разилъунгутIи адабалдалъун бихьизабизе; – гара-чIвариялъулъ гьоркьоб лъураб темаялда тIаса суалал лъезе;

– цо чанго чияс загьир гьарурал пикраби гIамлъизаризе, нухмалъи гьабизе хIадурав вукIине, мугIалимасул буюрухъалъе мутIигIлъизе, гьесул тIадкъаял тIуразаризе. Аслияб школа лъугIулел цIалдохъабазул лъугьуна гьабулеб цIали низамалде ккезабизе бугеб бажариги (регулятивные УУД). Гьезда бажарула: – дарсида гьабизе кколеб хIалтIул тартиб чIезабизе ва мурад лъезе, хIалтIулъ щварал хIасилазе къимат кьезе; – жиндирго ругел ресазда рекъон цIалул масъала тIубазабиялъул къагIида тIасабищизе, гьединаб масъала тIубазабиялъул алгоритм жинцаго гIуцIизе; – гьабулеб хIалтIул план жинцаго гIуцIизе ва, планалда рекъон хIалтIулаго, гьелъул хиса-басиял гьаризе (къваригIани); – цIалул хIалтIаби тIуразарулаго, жавабчилъи жинда тIаде босизе; – гьабулеб хIалтIуе къимат кьезе ва гьеб хисиялъул план цебе лъезе; – цIалул масъала тIубазабулаго, дандчIвалел захIмалъаби цереккунго рихьизе ва гьелда тIаса жиндирго пикру бицине; – цIалул хIалтIулъ росарал бергьенлъабазул гIилла баян гьабизе; – битIккечIеб гара-чIвариялъул гIилла бихьизабизе, кIалъазе бугеб хIалбихьиялъе къимат кьезе ва цебе лъураб мурадалда рекъон жиндирго калам хисизабун дандеккезабизе; – загьир гьарурал рекIел асаразе къимат кьезе; – гара-чIвариялъулъ цогидал чиясул къасдал ричIчIизе; – цогидав чиясдехун ва гьес бицараб пикруялдехун лъикIаб бербалагьи гьабизе.

**Ц1алул курсалъул г1уц1и 8 класс (34 саг1ат)**

1.

7 кл. малъараб  материал  такрар гьаби.

Фонетика. Лексика ва фразеология

2. Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин

Морфология

Раг1абазул диктант

3. Синтаксис ва пунктуация

Предложениялдаса раг1абазул дандраялъул бат1алъи

4. Раг1абазул дандраязулъги предложениязулъги раг1абазул бухьен.

Раг1абазул дандраязулъ ва предложениязулъ раг1абазул тартиб

Логикияб ударение

5. Предложение

Хабариял, суалиял ва т1алабиял предложениял. Ах1ул предложение

6. Т1ирит1ич1ел ва т1ирит1арал предложениял

7. Диктант

8.

Предложениялъул бет1ерал членал.

Подлежащее

Сказуемое. Раг1абазул диктант

Г1адатаб глаголияб   сказуемое

9. Ц1арулаб составияб сказуемое

Глаголияб составияб сказуемое

10. Бит1араб дополнение «Чанахъабазул гамач1» Калам цебет1езаби

11. Предложениялъул  бет1ерал  гурел членал

Определение

Цадахълъел

12. Хъвалсараб дополнение

13. Х1алал

Бак1лъун бугеб х1ал

Заманалъун бугеб  х1ал

14. Ишалъул куцлъун бугеб х1ал

Г1илла-мурадлъун  бугеб  х1ал

Хасел. Калам цебет1езаби

15. Г1адатал предложениязул тайпаби.

Подлежащее баянлъич1еб предложение

Подлежащее гьеч1еб предложение

Бит1араб дополнение гьеч1еб предложение

16. Контролияб диктант. Х1амид

17. Ц1арлъовул предложение.

Диктанталъул анализ

18. Т1убараб ва т1убач1еб предложение

Т1убараб ва т1убач1еб предложение

19. Предложениялъул тайпа цоял членал

Тайпа цоял членалгун союзал

20. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби

21.

Тайпа цоял членалгун цадахъ г1амлъул раг1аби

Обращение

22. Гьоркьор кколел раг1аби ва предложениял

Раг1аби -предложениял   У ва Гуро. Междометиял раг1аби предложениял.

23. Калам цебет1езаби.Сали-Сулейманица ц1иркъ къезабураб куц. Изложение

24. Рат1алъизарурал  членалгун  предложениял

Бат1алъизабураб  определение

25. Бат1алъизабураб  цадахълъел

26. Рат1алъизарурал  х1алал

Рат1алъизарурал  х1алал

27. Рат1алъизарурал членазда  цадахъ  хасал раг1аби

28. Диктант

29.. Чияр калам  бицунел  къаг1идаби.

Бит1араб ва хъвалсараб  калам

Бит1араб  каламгун  предложениял.

Гъенир  лъалхъул  ишараби

30. Диалог. Раг1абазул диктант

31.. Хъвалсараб  каламгун  предложениял.

Бит1араб  калам хъвалсаралдалъун  хиси

32. Циктатал ва гьенир лъалхъул ишараби

33. Предложениялъул членал. Такрар гьари

Предложениялъул тайпаби такрар гьари

34. Контролияб диктант

**Предметиял хIасилал**

**Авар мац1 8 класс**

| **№ п/п** | **Дарсил тема** | **Саг1тазул к1одор** | **Дарсил мурад** | **Рокъобе х1алт1и** |
|---|---|---|---|---|
| 1 | **7** кл. малъараб материал такрар гьаби.<br>Фонетика. Лексика ва фразеология | 1 | 1.Фонетика такрар гьабизе;<br>2. Раг1и цо мухъидаса цоги мухъиде, слогазде бикьун, боси рак1алде щвезаби;<br>3. Е, Ё, Ю Я х1арпал цо гьаракь бихьизабизеги к1иго гьаракь бихьизабизеги х1алт1изарулел | § 1<br>гьум. 3<br>§ 2<br>гьум. 4 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | раг1аби рак1алде щвезаби<br>4. Лексикаялъул ва фразеологиялъул х1акъалъулъ бич1ч1и кьей;<br>5. Щ1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | |
| 2 | Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин<br>Морфология<br>Раг1абазул диктант | 1 | 1. Суффиксаздалъун, к1иго раг1и, яги к1иго кьибил жубаялдалъун раг1аби лъугьинари камил гьабе;<br>2. Журарал раг1аби к1алзул ва хъвавул каламалъулъ бит1ун х1алт1изаризе ругьун гьари<br>3. Каламалъул бут1абазул, гьезул формабазул, гьел лъугьиналъе ругел ресал рак1алде щвезари;<br>4. Щ1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §3<br>х1. 10<br>гьум. 5<br>§4<br>х1. 12<br>гьум.5 (лъ.) |
| 3 | Синтаксис ва пунктуация<br>Предложениялдаса раг1абазул дандраялъул бат1алъи | 1 | 1. Предложениялдаса раг1абазул дандраялъул бат1алъи бич1ч1изаби;<br>2. Раг1абазул дандраяздаса предложениял г1уц1изе ругьун гьари | § 5<br>гьум. 7-11 |
| 4 | Раг1абазул дандраязулъги предложениязулъги раг1абазул бухьен.<br>Раг1абазул дандраязулъ ва предложениязулъ раг1абазул тартиб<br>Логикияб ударение | 1 | 1. Раг1абазул бухьеналъул х1акъалъулъ бици;<br>2. Щ1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби<br>3. Раг1абазул дандраял раг1абазул цо ч1араб тартибалда лъезе ругьун гьари;<br>4. Щ1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби<br>5. Логикияб ударениялъе г1аммаб баян кьезе;<br>6. Щ1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 6<br>гьум. 12-14<br>§ 7<br>гьум. 15-16<br>§ 8<br>гьум.17 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 5 | Предложение<br>Хабариял, суалиял ва т1алабиял предложениял.<br>Ах1ул предложение | 1 | 1.Предложениялъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби<br>3. Хабариял,суалиял, т1алабиял предложениязул х1акъалъулъ баян кьей;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | 3-6 предложение г1уц1изе<br>§ 9<br>гъум. 18-21 |
| 6 | Т1ирит1ич1ел ва т1ирит1арал предложениял | 1 | 1.Т1ирит1аралги т1ирит1ич1елги предложениязда гъоркьоб бат1алъи бихьизабизе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 10<br>гъум. 22-24 |
| 7 | Диктант | 1 | 1. Т1абиг1аталъул хиса-баси кинаб бугебали ц1алдохъабазда бихьизе лъай;<br>2. Т1абиг1ат ц1унизе ва гьелде рокьи жеги ц1ик1к1инаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | |
| 8 | Предложениялъул бет1ерал членал.<br>Подлежащее<br>Сказуемое. Раг1абазул диктант<br>Г1адатаб глаголияб сказуемое | 1 | 1. Предложениялъул бет1ерал членазе г1аммаб баян кьезе;<br>2.Подлежащее бет1ераб член бук1ин бич1ч1изаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби<br>4. Сказуемоялъе бет1ераб член х1исабалда г1аммаб баян кьезе;<br>5.Г1адатаб глаголияб сказуемоялъе г1аммаб баян кьезе; | § 11 х1 46, гъум. 26<br>§12 гъум. 26-27<br>§ 14 х1 5 гъум. 29 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 9 | Ц1арулаб составияб сказуемое<br>Глаголияб составияб сказуемое | 1 | 1. Ц1арулаб составияб сказуемоялъул г1уц1иялъул бицине;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби<br>3. Глаголияб составияб сказуемоялъул г1уц1иялъул бицине;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 14<br>х1 55 гьум. 33<br>§ 15<br>х1 64<br>гьум 34 |
| 10 | Бит1араб дополнение<br>«Чанахъабазул гамач1» Калам цебет1езаби | 1 | 1. Бит1араб дополнениялъе баян кьей;<br>2. Бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борцине<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §16<br>х1 69<br>гьум. 36<br>Изложения лъе х1адуризе |
| 11 | <u>Предложениялъул бет1ерал гурел членал</u><br>Определение<br>Цадахълъел | 1 | 1.Предложениялъул бет1ерал гурел членазе бич1ч1и кьезе;<br>2. Определениялъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби<br>1.Цадахълъелалъе баян кьей;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 17<br>х1 73<br>гьум. 40<br>§18<br>х1. 77<br>гьум. 43 |
| 12 | Хъвалсараб дополнение | 1 | 1.Хъвалсараб дополнениялъе баян кьей;<br>2.Предложениязда жанир хъвалсараб | §19<br>х1 82 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | дополнение батизе ц1алдохъаби ругьун гьари | гьум. 45 |
| 13 | Х1алал<br>Бак1лъун бугеб х1ал<br>Заманалъун бугеб х1ал | 1 | 1.Х1алалъе г1аммаб баян кьезе;<br>2. Пред. членал такрар гьари;<br>3. Бак1лъун бугеб х1алалъе баян кьезе;<br>4. Заманлъун бугеб х1алалъе авалияб баян<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби кьезе; | § 20<br>гьум. 46-47<br>§ 21<br>х1 88<br>гьум. 48 |
| 14 | Ишалъул куцлъун бугеб х1ал<br>Г1илла-мурадлъун бугеб х1ал<br>Хасел. Калам цебет1езаби | 1 | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби<br>2.Ишалъул куцлъун бугеб х1алалъул цогидал х1алаздаса бугеб бат1алъи бихьизаби;<br>3.Х1алал такрар гьари;<br>4. Г1илла-мурадлъун бугеб х1алалъе бич1ч1и кьезе;<br>5. Хасалил т1абиг1аталде рокьи ц1ик1к1инаби;<br>6. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 22<br>гьум. 48-49<br>§ 23<br>гьум. 50<br>§ 24<br>х1 99<br>гьум.51<br>Сочинения лъе х1адуризе |
| 15 | <u>Г1адатал предложениязул тайпаби.</u><br>Подлежащее баянлъич1еб предложение<br>Подлежащее гьеч1еб предложение<br>Бит1араб дополнение гьеч1еб предложение | 1 | 1.Подлежащее баянлъич1еб предложениялъе авалияб бич1ч1и кьезе; 2.Подлежащее гьеч1еб предложениялъе баян кьезе;<br>3. Бит1араб дополнение гьеч1еб предложениялъе баян кьезе;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 25<br>гьум. 51-52<br>§ 26<br>гьум.52<br>§ 27<br>гьум. 53 |
| 16 | Контролияб диктант. Х1амид | 1 | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борцине | Малъараб материал |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | такрар гьаби |
| 17 | Ц1арлъовул предложение. Диктанталъул анализ | 1 | 1. Ц1арлъовул предложениялъе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §28<br>х1. 104<br>гьум. 54 |
| 18 | Т1убараб ва т1убач1еб предложение<br>Т1убараб ва т1убач1еб предложение | 1 | 1.Т1убач1ебги т1убарабги предложениялда гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §29<br>гьум. 55<br>Диалог г1ц1изе |
| 19 | <u>Предложениялъул тайпа цоял членал</u><br>Тайпа цоял членалгун союзал | 1 | 1. Предложениялъул тайпа цоял членазе баян кьезе;<br>2. Сок1к1иналъул союзал х1алт1изаризе ругьун гьари;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 30<br>х1. 114<br>гьум.58<br>§31<br>гьум.59-60 |
| 20 | Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби | 1 | 1.Предложениялда жанир тайпа цоял членал лъалхъул ишарабиги лъун, рат1а гьаризе ругьун гьари;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 32<br>гьум. 60-61 |
| 21 | Тайпа цоял членалгун цадахъ г1амлъул раг1аби<br>Обращение | 1 | 1. Г1амлъул раг1абазе баян кьезе;<br>2. Обращениялъе г1аммаб баян кьезе;<br>3. Предложениялда жаниб обращение бат1а гьабизе ругьун гьари<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 33<br>гьум.62-64<br>§34<br>х1. 135<br>гьум. 68 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 22 | Гъоркъор кколел раг1аби ва предложениял<br><br>Раг1аби -предложениял У ва Гуро. Междометиял раг1аби предложениял. | 1 | 1. Гъоркъор колел раг1абазул ва предложениязул х1акъалъул бич1ч1и къей;<br>2.У ва Гуро раг1абазе аслияб бич1ч1и къезе;<br>3. Междометиязе мисалал рачи;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 35<br>гъум. 69-71<br>§ 35<br>х1. 147<br>гъум. 72<br>§ 36<br>х1. 149<br>гъум. 74 |
| 23 | Калам цебет1езаби.Сали-Сулейманица ц1иркъ къезабураб куц. Изложение | 1 | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби;<br>2. Сали-Сулейманил ва Альбертол г1амалалъе къимат къей | Малъараб материал такрар гъабизе |
| 24 | <u>Рат1алъизарурал членалгун предложениял</u><br>Бат1алъизабураб определение | 1 | 1.Рат1алъизарурал членазе бич1ч1и къезе;<br>2.Бат1алъизабураб определениялъе г1аммаб баян къезе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 37<br>х1. 151<br>гъум. 75 |
| 25 | Бат1алъизабураб цадахълъел | 1 | 1.Бат1алъизабураб цадахълъелалъе авалияб баян къезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §38<br>гъум. 85 |
| 26 | Рат1алъизарурал х1алал<br>Рат1алъизарурал х1алал | 1 | 1.Х1алал такрар гъари;<br>2.Рат1алъизарурал х1алазе бич1ч1и къей;<br>3.Х1алал такрар гъари;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 39<br>гъум. 79-80<br>х1. 163<br>гъум. 80 |
| 27 | Рат1алъизарурал членазда цадахъ хасал раг1аби | 1 | 1.Рат1алъизарурал членазда цадахъ хасал раг1абазул бицине; | § 40<br>гъум. 81 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | 2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | |
| 28 | Диктант | 1 | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борцине | Малъараб материал такрар гьаби |
| 29 | Чияр калам бицунел къаг1идаби.<br>Бит1араб ва хъвалсараб калам<br>Бит1араб каламгун предложениял.<br>Гьенир лъалхъул ишараби | 1 | 1.Бит1араб каламалъе авалияб бич1ч1и кьезе;<br>2.Лъалхъул ишараби лъезе малъи;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | §41<br>гьум. 82-85 |
| 30 | Диалог. Раг1абазул диктант | 1 | 1.Диалогалъе бич1ч1и кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 42<br>гьум. 87<br>Диалог г1уц1изе |
| 31 | Хъвалсараб каламгун предложениял.<br>Бит1араб калам хъвалсаралдалъун хиси | 1 | 1.Хъвалсараб каламалъе баян кьезе;<br>2.Бит1араб калам такрар гьабизе;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 43<br>гьум. 88-89 |
| 32 | Цитатал ва гьенир лъалхъул ишараби | 1 | 1. Цитатазе баян кьезе;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби | § 44<br>гьум. 90-91 |
| 33 | Предложениялъул членал. Такрар гьари<br>Предложениялъул тайпаби такрар гьари | 1 | 1. Предложениялъул членал такрар гьари;<br>2. Предложениялъул тайпаби такрар гьари;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби; | Предложени-ялъул членал такрар гьари |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | 10 предложение г1уц1изе |
| 34 | Контролияб диктант | 1 | 1. Ц1алдохъабазул бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул лъай борцине | Малъараб материал такрар гъаби |

**VIII классалъул ц1алдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял т1алабал**

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

раг1абазул дандраязул, бат1и-бат1иял тайпабазул г1адатал предложениязул, рат1алъизарурал членалгун предложениязул синтаксисияб разбор гъабизе;

раг!абазда гьоркьоб бугеб бухьен баян гъабизе; цо составалъул, к1иго составалъул ва лъабго составалъул, тайпа цоял ва рат1алъизарурал членал, хит1абал ва гьоркьор ккарал раг1аби ругел г1адатал предложениял г1уц1изе.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**Пунктуациялъул рахъалъан:**

VIII классалда малъарал пунктограммаби ратун, гьенир лъалхъул ишараби лъезе;

тайпа цоял членал, хит!аб, гьоркьор ккарал раг1аби ва междометиял, рат1алъизарурал членал ругел предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе;

кколеб бак1алда подлежащеялдаги сказуемоялдаги гьоркьоб тире лъезе.

**Калам г1уц1иялъул рахъалъан:**

культуриял ва тарихиял бак1азул сурат цебеч1езабулел текстазда т1асан изложение хъвазе;

художествиял текстал пасих1го ц1ализе; жиндирго автобиография бицине (абунги хъванги); газеталъе макъалаби, данделъиялъул протокол хъвазе; зах1маталъул темаялда ва гь.и. т1асан творческиял сочинениял

хъвазе.